दिन–शनि दिनांक–31.08.2024

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी कहलनि जे महिला लोकनि पर अत्याचार आ बच्चा सभक सुरक्षा समाजक लेल गंभीर चिंताक विषय अछि। ओ कहलनि जे देश मे महिला सभक सुरक्षाक लेल कानून बनाओल गेल अछि मुदा एकरा आओर बेसी सक्रिय बनेबाक आवश्यकता अछि। प्रधानमंत्री आइ नव दिल्लीक भारत मंडपम मे जिला न्यायापालिकाक दू दिनक राष्ट्रीय सम्मेलनक उद्घाटन करैत कहलनि जे महिला सभक विरूद्ध अत्याचार सँ सम्बन्धित मामिला मे जतेक जल्दी निर्णय लेल जायत ओतेक जल्दी महिला लोकनिक सुरक्षा सुनिश्चित भऽ सकत। श्री मोदी सर्वोच्च न्यायालयक स्थापनाक पचहत्तरि वर्ष पूरा होयबाक अवसर पर एक डाक टिकट आ एक सिक्का जारी करैत जनौलनि जे लोकतंत्रक जननीक रूप मे भारतक सम्मान बढ़ल अछि। प्रधानमंत्री कहलनि जे आजादीक अमृतकाल मे एक सय चालीस करोड़ देशवासी सभक एक्कहि सपना अछि–विकसित भारत नव भारत।

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आइ वीडियो कॉन्फ्रेंसिंग के माध्यमे तीन वंदे भारत रेलगाड़ी के हरियर झंडी देखा कऽ विदा कयलनि। ई रेलगाड़ी मेरठ सँ लखनऊ, मदुरै सँ बेंगलुरू आ चेन्नई सँ नागरकोइलक मध्य चलाओल जायत। श्री मोदी उद्घाटनक अवसर पर अपन सम्बोधन मे कहलनि जे वंदे भारत रेलगाड़ी सभक विस्तार सँ देश विकसित भारतक लक्ष्यक दिस तेजी सँ डेग बढ़ा रहल अछि। जनतबक अनुसार पटना आ टाटाक मध्य वंदे भारत ट्रेनक परिचालन सेहो शीघ्रहि आरम्भ कयल जायत।

---

केन्द्रीय सूक्ष्म, लघु आ मध्यम उद्यम मंत्री जीतनराम मांझी कहलनि जे देशभरि मे खादीक प्रमुखता सँ प्रचार–प्रसार कयल जा रहल अछि। ओ कहलनि जे एहि सँ लोक खादी वस्त्र पहिरबाक लेल प्रेरित होयताह आ ग्रामीण क्षेत्र मे रोजगार सृजन सेहो होयत। श्री मांझी

आइ नव दिल्ली मे अक्टूबर मे होबयवला खादी महोत्सव दू हजार चौबीसक तैयारीक समीक्षा कऽ रहल छलाह। बैसक मे खादी आ ग्रामोद्योग क्षेत्रक प्रदर्शनक समीक्षा कयल गेल। एहि दरमियान केन्द्रीय मंत्री योजना सभक कार्यान्वयनक माध्यमे खादी क्षेत्र मे कयल जा रहल प्रयास सभ मे शीघ्रता अनबाक निर्देश देलनि। खादी आ ग्रामोद्योग आयोग देश मे खादी के बढ़ावा देबाक लेल प्रत्येक वर्ष महोत्सवक आयोजन करैत अछि।

———————————————————————

प्रदेशक स्कूल सभ मे काल्हि सँ तीस सितम्बर धरि पोषण माहक आयोजन कयल जायत। एकर अंतर्गत विद्यालय सभ मे प्रत्येक दिन भिन्न–भिन्न गतिविधिक आयोजन होयत। मध्यान्ह भोजन योजनाक निदेशक मिथिलेश मिश्र एहि सम्बन्ध मे सभ जिला शिक्षा पदाधिकारी के दिशा–निर्देश जारी कयलनि अछि।

———————————————————————

प्रदेशक अधिकांश भाग मे मॉनसूनक गतिविधि कमजोर पड़ि गेल अछि। एहि सँ विभिन्न स्थान पर वर्षा मे कमी दर्ज कयल गेल। मौसम विभाग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार पछिला चौबीस घंटाक दरमियान राज्यक दक्षिण–पश्चिम आ दक्षिण–मध्य भाग मे किछु ठाम हल्का वर्षा दर्ज कयल गेल। विभाग अपन पूर्वानुमान मे जनौलक जे अगिला तीन दिन धरि राज्यक अधिकतर भाग मे वर्षाक संभावना नहि अछि। एहि दरमियान राज्यक दक्षिण भाग मे किछु ठाम मेघगर्जन आ वज्रपातक आशंका के देखैत येलो अलर्ट जारी कयल गेल अछि। एम्हर, हमर संवाददाता जनौलनि अछि जे मधुबनी जिलाक विभिन्न भाग मे दूपहर बाद मुसलाधार वर्षा भेल जाहि सँ लोक सभ के उमस भरल गर्मी सँ राहत भेटल।

———————————————————————

गंगा, सोन, पुनपुन, बूढ़ी गंडक आ घाघरा सहित राज्य सँ भऽकऽ गुजरयवाली अधिकांश नदी सभक जलस्तर मे उतार–चढ़ावक क्रम जारी अछि। केन्द्रीय जल आयोग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार गंगा नदी पटनाक गांधीघाट मे खतराक निशान सँ एकावन सेंटीमीटर आ हथिदह मे अड़तालीस सेंटीमीटर ऊपर बहि रहल अछि। गंगा नदीक जलस्तर भागलपुरक कहलगांव मे लाल निशान सँ पैंसठि सेंटीमीटर ऊपर दर्ज कयल गेल। एम्हर, बूढ़ी गंडक नदी खगड़िया मे खतराक निशान सँ तिरानवें सेंटीमीटर ऊपर बनल अछि। ओतहि, कोसी नदीक

जलस्तर खगड़ियाक बलतारा मे खतराक निशान सँ उन्नैस सेंटीमीटर आ कटिहारक कुर्सेला मे बहत्तरि सेंटीमीटर ऊपर रिकॉर्ड कयल गेल।

————————————————————————

बेगूसरायक बलिया मे केन्द्रीय मंत्री गिरिराज सिंह पर कथित हमला करबाक प्रयास मे एक युवक के हिरासत मे लेल गेल अछि। केन्द्रीय मंत्री जनता दरबारक बाद लोक सभ सँ गपशप कऽ रहल छलाह। एहि दरमियान हुनका पर हमला करबाक प्रयास कयल गेल। एहि घटनाक बाद केन्द्रीय मंत्रीक सुरक्षा बढ़ा देल गेल अछि।

————————————————————————

समाप्त